




CDTFA FÈ KOMÈS NAN CALIFORNIA

Yon Entwodiksyon nan California Department of Tax and Fee Administration (Depatman Administrasyon Taks ak Frè California, CDTFA)

► California Department of Tax and Fee Administration (Depatman Administrasyon Taks ak frè California, CDTFA) a jere 37 pwogram taks ak enpo nan California. Misyon nou se amelyore lavi Kalifonyen yo pandan nap ranmase revni yo san patipri ak yon fason efikas ki sipòte sèvis piblik esansyèl nou yo. Nou swete ou menm ak nouvo biznis ou an byenveni. Eta nou an gen yon istwa rich nan antreprenè ak biznis ki gen siksè e nou swete w anpil siksè menm jan ak yo. Piblikasyon sa a se yon gid brèf ki prezante kèk nan obligasyon legal ki aplike pou ou lè w ap fè komès nan California. Règ komèsyal leta yo ak lwa sou taks yo konplèks epi gid sa a pa konplè. Nou disponib pou nou reponn nenpòt kesyon ki gen rapò ak taks sou biznis ou taka genyen. Anpil nan anplwaye nou yo pale lòt lang apre angle epi, si ou mande nou sa davans, nap fè tout sa nou kapab pou gen yon moun ki pale menm lang avèk ou ki disponib pou ede ou.

Lisans pou fè Komès nan California

Yon lisans pou fè komès nan California pèmèt ou vann atik an gwo oswa an detay. Wap resevwa yon lisans pou fè komès lè ou enskri avèk nou. An jeneral, ou dwe genyen yon lisans pou fè komès pou ou ka vann ak/oswa fè lokasyon legalman machandiz, machin, oswa lòt atik nan California. Ou dwe fè yon demann pou yon lisans pou fè komès Tanporè si w ap vann pou jiska 90 jou, menm jan yo fè souvan lè yap vann abdenwèl oswa lè yap fè fwa atizanal.



Lisans pou fè komès oswa sètifikasi pou revann

Lisans pou fè komès nan ak sètifikasi pou revann nan se de bagay diferan. Yon lisans pou fè komès pèmèt ou vann nan California, tandiske yon sètifikasi pou revandè pèmèt ou achte atik ou pral revann yo san ou pa peye founisè ou yo taks. Yon fwa ou gen yon lisans pou fè komès, ou ka bay sètifikasi pou revann a founisè w yo pou ka achte atik ou pral vann nan kad nòmal biznis ou an. Yon lisans pou fè komès se pa yon *lisans pou achte*. Ou dwe toujou peye taks la sou tout atik ou itilize yo, menm si se pa pou vann, nan biznis ou (tankou founiti pou biwo).

Aplikasyon pou lisans pou fè komès

Aplikasyon pou yon lisans pou fè komès la gratis. Ou ka aplike pou yon lisans pou fè komès lè w vizite *Sèvis an liy* seksyon ki nan sitwèb nou an nan www.cdtfa.ca.gov. Pou w ranpli aplikasyon w lan, w ap bezwen bay enfòmasyon sou biznis ou an, avèk detay sou kont bankè ou ak yon estimasyon sou revni w. Si ou te achte biznis ou an, w ap bezwen bay non ansyen pwopriyetè a ak nimewo lisans pou fè komès CDTFA yo. Si w bezwen konsèy, tanpri rele Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-800-400-7115 (CRS:711), epi yon reprezantan CDTFA ap kontan ede w. Yon fwa ou fin ranpli epi soumèt aplikasyon an elektwonikman, wap kapab enprime lisans pou fè komès ou a pou afiche l nan lokal biznis ou a. Ou ka aplike tou pou yon lisans pou fè komès an pèsòn lè w vizite yon biwo lokal CDTFA. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès biwo yo sou sitwèb nou an nan www.cdtfa.ca.gov/office-locations.

Mande yon Dechaj Fiskal

Pou pwoteje tèt ou pou pa oblige peye nenpòt taks sou lavant oswa taks itilizasyon ke biznis w ap achte a te dwe, ou dwe ekri nou epi mande yon sètifikasi dechaj fiskal. Nan demann wap fè alekri a, ou dwe mete:

- Non, adrèς ak nimewo telefòn moun kap achte a.
- Non, adrèς ak nimewo telefòn moun kap vann nan.
- Adrèς biznis la.
- Yon kopi ak de vant lan oswa kontra dacha ak montan pri yo achte l la.
- Non konpayi eskro a ak nimewo li, si sa aplikab.
- Dat yo te achte biznis la.

Obligasyon Moun ki gen Lisans pou fè Komès yo

Lè ou gen yon lisans pou fè komès, ou dwe:

- Konprann kijan yo aplike lwa sou taks sou lavant ak taks itilizasyon nan aktivite biznis ou.
- Konsève dosye apwopriye pou dokimante lavant ak acha w yo (gade *Konsèvason Dosye pi ba a*).
- Ranpli an liy deklarasyon taks sou lavant ak taks itilizasyon regilyèman avèk nou. Yo pral ba w yon kalandriye pou fè deklarasyon chak mwa, chak trimès oswa chak ane, ki baze sou estimasyon lavant yo, yon fwa ou fin ranpli enskripsyon an sou entènèt pou lisans pou fè komès la.
- Peye tout taks sou lavant oswa taks itilizasyon ou dwe sou lavant ak acha ou yo.

Konsèvason Dosye yo

Ou dwe konsève dosye ki montre kantite taks egzak pou omwen katran. Men kèk egzanp dokiman pou konsève yo:

- Liv kontablite yo ki rezime revni ou ak depans ou yo, tankou gran rejis ak jounal kontabilite general yo. Enfòmasyon sa yo ka sovgade elektwonikman.
- Dokiman orijinal ki jistifye chif yo nan liv kontablite w yo, tankou fakti, resi, papye kòmand yo, kontra, oswa lòt dokiman.
- Dokiman ak fèy kalkil yo itilize pou prepare deklarasyon taks ou yo.
- Sètifikasi pou revann ou te aksepte nan men kliyan ou yo.

Dosye ou yo ta dwe montre:

- Resèt angro sou tout revni biznis la, sa ki gen ladan lavant ak lokasyon machandiz ak revni ke ou konsidere yo pa dwe peye taks pou yo.
- Tout dediksyon yo mande sou deklarasyon taks ou.
- Pri acha total pou tout atik ou achte yo.

Lòt Egzijans pou Biznis Ou

Anplis anrejistreman pou yon lisans pou fè komès, ou ka bezwen anrejistre pou lòt pwogram taks ak dwa ke nou administre (pa egzanp, frè sou Kawotchou nan California, frè sou Resiklaj Dechè Elektwonik, oswa Pwogram Lisans pou Sigarèt ak Tabak). Petèt ou ka bezwen jwenn tou lòt lisans, pèmi oswa dokiman pou jere biznis ou a. Sit entènèt CalGold a, www.calgold.ca.gov, se yon bon kote pou w komanse jwenn enfòmasyon sou pèmi apwopriye pou biznis ou an. Chanm komès yo, òganizasyon devlopman ekonomik yo ak òganizasyon komèsyal yo tou se bon sous pou jwenn enfòmasyon. Souvan depatman lisans pou biznis yon vil oswa yon konte ka ede w, oswa ou ka rele nou pou jwenn èd.

Defansè Dwa Kontribyab yo

Antanke yon kontribyab nan California, ou gen anpil dwa, tankou dwa a konfidansyalite, dwa pou yo trete w san patipri, ak dwa pou fè apèl kont aksyon nou te pran yo. Si w bezwen èd pou rezoud pwoblèm ou yo atravè filyè nòmal CDTFA yo, oswa si w vle konnen plis sou dwa w nan kad youn nan pwogram taks yo oswa frè ke nou administre yo, ou ka rele [Biwo Defansè Dwa Kontribyab yo](#) gratis nan 1-888-324-2798.

Pou Plis Enfòmasyon

Si w bezwen asistans yon entèprèt, tanpri rele lokal biwo CDTFA w la. Si ou vle, ou ka vini ak pwòp entèprèt pa w. Nou pral fè efò pou nou ka kominike klèman avèk ou. Si w gen nenpòt sijesyon sou fason nou kapab amelyore sèvis nou yo, tanpri fè nou konnen.

Piblikasyon sa a rezime lwa ak règleman yap aplike ki anvigè nan moman yo te ekri l la. Sepandan, chanjman nan lwa oswa règleman yo ka te fèt aprè lè sa a. Si gen konfli ant tèks ki piblikasyon sa a ak lwa a, desizyon yo pral baze sou lwa a men pa sou piblikasyon sa a. ►

